

Plas Bondye Chwazi Pou Adore

65-0220

Junior High School, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Annou rete kanpe pou yon moman pandan n ap bese tèt nou pou priye. E kounye a, avèk tèt nou bese, e mwen fè konfyans ke kè nou enkline, tou, m ap mande konbyen moun la aswè a ki ta renmen yo sonje yo nan lapriyè, pou yon bagay espesyal? Èske w vle jis leve men w, pou di, "Bondye, ban mwen aswè a sa m ap chache a." Ke Seyè a beni w.

2 Papa nou ki nan Syèl la, pandan ke kounye a n ap apwoche byen enb gran Twòn gras sa, pa lafwa, nou antre Byen fon; kote Bondye, ak Zanj yo, ak Cheriben yo, ak tout lame Selès la rasanble ansanm. Paske Li di paka menm gen yon ti zwazo ki tonbe sou tè a san ke Pè Selès la pa konn sa. Ala konnen Li konnen pi plis sou isit la kote dè santèn de moun gen tèt yo bese, ap invoke W poutèt rekèt espesyal yo. Papa, panche W sou mond nan bezwen sa aswè a, paske nou se yon pèp ki nan bezwen.

3 E m priye, Bondye, poutèt nou rasanbe isit la pou ap eksprime W fwa nou nan yon Bondye vivan Ki reponn priyè tout bon; nou te soti pami mond ensikonsi sa, nan kè ak zòrèy nou, nou te soti pou viv yon vi separe, e pou ap viv nan konfese fwa nou nan Ou. Aswè a nou leve men nou, pou ap di, "Nou nan bezwen." Chè Bondye, reponn chak rekèt pa yo.

4 E apresa, Papa, nou priye ke W va vizite nou aswè a nan Pawòl la. Nou vin isit la pou koreksyon, pou konpreyansyon, pou nou ka konnen senpleman kijan pou n viv jounen jodi sa; a kisa pou n ap atann nou, kisa pou n fè. Paske, nou konnen Vini Seyè a ap apwoche, dapre tout siy ke pwofèt yo te predi. N ap apwoche tan an, Seyè, kote yo pral bay timoun Ou yo delivrans konplè. Bondye, pèmèt nou, nou chak, rive la, Papa. Ke pa gen yon sèl ki manke. Se pou bi sa nou isit la, Seyè. Nou renmen W, e n ap eseye prepare nou pou lè sa.

5 Pale avèk nou, nou mande I ankò, aswè a. Epi geri malad yo. Tout malad ak aflije yo ki nan bilding lan, nou priye ke W va geri yo, Seyè; espesyalman sa yo ki gen dè bezwen espirityèl. Nou priye ke W va sove chak nanm pèdi. Ranpli chak kwayan ak Sentespri. E renouve fòs ak Pwisans lan nan timoun pa W yo ki kwè. Akòde bagay sa yo, Papa. Nou mande anpil bagay, paske W di nou pou nou mande, "mande an abondans, mande gwo bagay, anpil bagay," pou jwa nou kapab pafè. E nou mande yo lan Non Jezikri. Amèn.

Nou ka chita.

6 Mwen sètènman considere sa kòm yon gran privilèj aswè a, pou m retounen la sou estrad la ankò, isit la nan lekòl segondè sa, an fas moun de byen sa yo ki te vin rasanble pou tande Levanjil. Mwen reklame mizèrikòd Bondye pou ede m di nou Laverite an otan ke m konnen. Li toujou kapab fèmen bouch yon nonm, menm jan L te ka fè pou Lyon an. E si m t ap janm eseye di yon bagay ki te fo epi kontrè a volonte pa L, priyè sensè mwen sè ke L fèmen bouch mwen, pou m pa di I. Paske, an verite, mwen vle al nan Syèl, pou

tèt pa m; e m pap ka janm la, epi, pou m ta a kote tout sa, mwen t ap yon fo kondiktè, yon moun ki t ap fè yon bagay fo. Si m ta fè sa, se t ap paske m pa konn diferans lan. Ke Seyè a beni nou.

7 Bon, demen maten, si se volonte Bondye, mwen konte pale sou sijè sa, *Maryaj Ak Divòs*. E nou fè konfyans w ap vini, e pote kreyon ak papye w. Nou pap rete twò lontan, men m ta jis renmen... Se pou rezon sa m te retounen isit la, nan Indiana, pou kòmanse, se paske m te pwomèt nou sa. E m va eseye, demen maten. Si m pa fè l demen maten, m va fè sa demen swa. Men m ap eseye demen maten, si Seyè a vle, pou pale sou sijè sa, de lekòl de panse. Ke Bondye ede nou pou konnen sa ki Verite a, senpleman pou konn kisa ki Verite a, pou nou ka mache nan Verite ak nan Limyè. Nou...

8 Ou konnen, m te abitye gen yon zanmi nwa. Li te di m, li te di, "Frè Billy," li te konn di, "Mwen-mwen pa vle gen okenn twoub lè m rive nan rivyè a." Li te ajoute, "M vle gen biyè m nan men m. E lè souflèt la sifle, m pa vle gen okenn twoub la. M te mande Seyè a, sa fè trè lontan, si gen yon bagay ki pa sa, pèmèt mwen regle sa drèt la kounye a," li te di, "li va fè sonb ak tanpèt jou maten sa lè bato a va leve lank pou al sou lòt bò a." Li te di, "M pa vle ankenn entèferans. Mwen vle okipe m de tou sa kounye a." Se pou sa nou isit la, pou ap eseye okipe nou de tout entèferans yo, pou nou ka monte abò nan moman sa.

9 Kounye a, mwen pap pale avèk nou twò lontan aswè a, paske nou gen de sèvis demen. E apresa m ap dekole, pou al yon lòt kote, epi yon lòt kote, pi plis sèvis.

10 Men, kounye a, nan Liv Detewonòm. Mwen vle li apati de chapit 16 la, twa premye vèsè yo, Detewonòm 16: 1 a 3.

Obsève mwa Abib la, epi kenbe pak la...Seyè Bondye w la:...nan (katriyèm) mwa Abib Seyè Bondye w la te fè w soti nan-soti nan peyi Lejip nan aswè.

Poutèt sa ou va sakrifye sakrifis pak la pou Seyè Bondye w la, avèk twoupo e avèk betay, nan plas ke Seyè a te chwazi pou mete non li.

11 Bon, sijè mwen aswè a se: *Plas Bondye Chwazi Pou Adore.*

Si nou remake, mwa A-b-i-b la...-b la se, vle di, "Avril." Mwa Avril la se lè yo te fè yo soti.

E la bagay etranj lan sè ke nou menm aswè a, antan ke adoratè Bondye, nan jou n ap viv ladann lan, nou jwenn sitèlman diferant ide moun. E osi lontan gen diferant ide konsènan on bagay, ke gen diferant kesyon; dwe gen yon vrè repons pou chak kesyon ki poze.

Si m ta mande kesyon sa, "Kisa sa ye?"

"Ebyen," yo ka di, "yon biwo."

"A kisa sa sèvi?" Ou wè?

12 Bon, la, on moun ka di, "Se pa yon biwo. Se yon tablo." Ebyen, se yon tablo, men se yon biwo kanmenm. Ou wè, dwe gen yon vrè repons pou sa.

E si m ta poze yon kesyon konsènan on bagay, dwe gen yon vrè repons. Ka gen on bagay pwòch li; men dwe gen yon vrè, repons dirèk pou chak kesyon. Kifè, poutèt sa, chak kesyon ki vin nan vi nou, dwe gen yon vrè, repons kòrèk.

13 Bon, sèjousi, nou tandem—tandem y ap di, sitèlman moun nan mond lan jodi a...

Antan ke misyonè, ki te fè plizyè vwayaj travèse lanmè e otou di mond, m te ekspoze a anpil reliyion diferant, tankou Boudis, Mizilman, ak Sik ak Jains, ak kisa ankò, pamí reliyion nan mond lan. Epitou la nan pwòp Etazini pa nou an; ak lòt peyi etranje, rankontre ak tou direrant legliz nou yo, tankou legliz denominasyon nou yo, an kòmansan avèk Katolik Women primitif, apresa Grèk, elatriye, ak—ak diferant rit epi apresa ap desann nan...tout aj denominasyèl yo, ki gen nèfsan e plis diferant denominasyon Pwotestan.

Kounye a, yo chak, natirèlman, ou ka wè ide pa yo, e m pa ka blame yo. Yo chak pretann ke yo se laverite, yo gen laverite. E moun ki fè pati de legliz sa yo ta dwe kwè sa, paske destine pa yo—pa yo, destine Etènèl yo, depann de ansèyman legliz sa. E yo sitèlman diferan, youn de lòt jiskaske sa atenn nèfsan ak plis diferant kesyon.

Kidonk, akoz ke gen nèfsan e plis diferant kesyon, dwe gen yon Repons kòrèk. E m ta renmen pou nou menm aswè a, piske n ap eseye al nan Syèl, pou rankontre Seyè Jezi nou an Ke nou tout renmen, m ta renmen fouye nan Lèzekriti pou jwenn sa.

14 Kounye a, si se yon kesyon Biblik, alò li ta dwe gen yon repons Biblik. Li pa ta dwe vini de yon gwooup nonm, ki fè pati de yon fratènité kèlkonk, oswa de yon edikatè, oswa yon denominasyon. Sa ta dwe soti dirèk nan Lèzekriti, kote Bondye, plas rankont Bondye pou adore, ye. E se sèten, poutèt se Bondye, Li gen yon plas pou rankontre kèkpa, kote L fè rankont.

15 Kounye a, nou jwenn la nan Detewonòm, nan kòmansman, Moyiz t ap site Lèzekriti, bagay ke li te di yo, kijan Li te fè yo soti ak yon gwo men, pwisan, soti kite peyi Lejip, pou te etabli yo dabò.

Yo te rele “pèp Bondye a” jiskaske yo te soti kite peyi Lejip, e alò yo te rele yo “legliz Bondye.” Paske, yon legliz se yon kongregasyon, oswa, pou de vrè, *legliz* vle di “sila yo ki te soti,” sila yo ke yo te rele soti. E yo te soti kite peyi Lejip, pou yo te ka legliz.

16 La Bondye te di yo, kan yo...anvan yo te etabli tanp lan epi kèlkeswa sa yo te fè a, “Mwen va chwazi plas pou adore a, e M va mete Non Mwen ladann.” E se sèl plas kote Bondye t ap janm rankontre nenpòt moun lan, se te Pwòp chwa pa L. Li te chwazi plas pa L, e kote L chwazi plas Li a, Li mete Non L, dezyèm vèsè a la di nou sa; Li t ap mete Non L kote L te chwazi pou pèp la adore L. Kounye a, bagay la sè ke, nou vle jwenn ki kote plas sa ye.

17 Avèk nèfsan e plis diferant ide, etan done nou depase tout reliyion payen, e n ap pale jis de reliyion Kretyèn. Sa ki fè ke, mwen vin konprann payen yo, osinon se sèten m pata pral laba pou ap pale avèk yo. Men, yo gen tò. Krisyanis se sèl reliyion ki vrè, se Krisyanis. E m pap di sa egzakteman poutèt m se yon Kretyen; men poutèt mwen kwè sa kòm etan Laverite. Se sèl reliyion ki gen rezon.

18 M te ale kote cheval blan an chanje chak katrè. Kote, Mahomet, yon gran prèt epi—epi yon dirijan touswit apre Kris, sipozeman li te yon pwofèt, e, m pa doute de sa l te ye a, touswit apre frè Makabe yo. Men kan yo...Li te mouri. Li te pretann ke li ta pral resiste e l ta pral konkeri tout mond lan nèt. Bon, apeprè chak katrè yo chanje gadyen, e yo kenbe on cheval blan bò tonm li. Yo gen sa, depi de mil an, ak espwa pou l resiste epi konkeri mond lan. Men ou wè...

19 Epi w al jwenn Bouddha; Bouddha te viv dè santèn dane, apeprè venntwa santèn lane pase, se ti dye pou-pou Japonè yo. Kidonk li te yon filozòf, on bagay tankou Confucius, e latriye.

Men pou Krisyanis, ki te etabli pa Jezikri, gen yon tonbo ki vid. Li te sèl Òm ki te janm kanpe sou tè a, ki te viv, e ki te di, "Mwen gen pouvwa pou bay vi M epi pou reprann li ankò." E Li te fè sa. E L ap viv jodi a.

Nou konnen L ap viv, paske Li avèk nou e Li pwouve Li menm ak siy fizik epi mèvèy, ke Li te pwomèt Li t ap fè l pou montre sa. Nan yon pwen ke, yon Kolòn Dife ki te kondui timoun Izrayèl yo atravè dezè a, Li avèk nou jodi a, yo menm pran foto L; ap akonpli siy ak mèvèy ke L te pwomèt Sa t ap fèt nan jou sa, ap wè tout Pawòl ke L te pwomèt yo ap manifeste jou sa. Kidonk, rès mond payen an pa ladann. Se Krisyanis lan!

20 Kounye a, poutèt gen nèfsan kesyon e plis konsènan kote Bondye fè rankont, "Li fè rankont kay Metodis, oswa Li fè rankont kay Batis, e Li fè rankont nan sesi, *sel a*, se *lòtbò*." Bon, gen yon kesyon la, kifè tout moun dwe ap chache pwòp sali pa l ak krent e tranbleman.

Men aswè a m vle eseye jwenn, epi pwouve nan Lèzekriti, ki kote plas kòrèk la ye kote Bondye fè rankont pou adore avèk pèp la. E, si se sa, se va sèl plas kote L ap janm fè rankont.

21 Kounye a, nou te pran tèks sa nan Detewonòm. Se yon mo Grèk ki gen yon siyifikasyon konpoze, oswa, ki vle di, "de lwa." Mo Grèk sa, Detewonòm, vle di "de diferant lwa."

E se jis sa Bondye genyen, de diferant lwa. E youn nan yo se lwa lanmò, e lòt la se lwa Lavi. Bondye gen de lwa. Swiv Li, epi sèvi L ak adore L, se Lavi; rejete Sa se lanmò. Gen de lwa nan Bondye.

22 Bon, youn nan lwa sa yo te idantif-...te idantifye pou mond lan, sou Mon Sinayi. Bondye te bay Moyiz ak Izrayèl lwa sa. Se pa ke lalwa te ka ede yo, men lalwa te montre yo ke yo te pechè. Jiskaske tan sa te vini, yo pa t konnen sa peche te ye, jiskaske yo te gen yon lwa. Pa t ka gen yon lwa san penalite. Kifè, poutèt sa, "Transgrese lalwa se te peche, e salè peche se lanmò." Kidonk, jiskaske Bondye te ba yo on lwa, pa t konn gen transgresyon pou yo.

Si pa gen ankenn lwa la ki di ou pa ka woule depase vennsenk mil alè, alò ou ka woule depase vennsenk mil alè. Men kan gen yon lwa ki di ou paka fè l, alò gen yon lwa ak yon penalite dèyè l.

23 Kounye a, lanmò, lwa lanmò, se te kòmandman ki te bay sou Mon Sinayi a, ki te di lòm ke li se yon pechè. Epi, transgrese lwa Bondye a, li mouri. Men pa t gen ankenn sali nan lalwa. Sa...se te senpleman lapolis ki te ka mete w nan prizon; sa pa t gen anyen pou fè w soti.

Men apresa Li te bay yon lòt lwa, se te sou Mon Kalvè, kote peche te plase sou Jezikri, e la penalite a te peye. Pa avèk...San lalwa, "men pa gras ou sove," pa gras Bondye, atravè predestinasyon Bondye avèk presyans èt ou.

24 Kounye a nou wè de lwa sa yo, Detewonòm, pale de de lwa yo. Te gen de lwa. Youn se te lwa lanmò, e lòt la se lwa Lavi.

25 Te gen tou de alyans ke yo te bay pèp la. Nou pral pale de yo maten an.

Youn ladan yo te bay a Adan ak kondisyon, "si w fè sesi epi pa fè sela," men Iwa sa te brize. Adan, Èv te brize sa, nan jaden Edenn lan.

Apresa Bondye te fè dezyèm alyans lan, pou I te bay Abraham li, e Iwa sa te san kondisyon. "Se pa t sa w te fè oswa sa w ta pral fè;" Li te di, "Mwen te deja fè I." Sa se lagras. Sa se Iwa Lavi. Bondye te fè sa pou Abraham ak Semans ki te vin apre I la, ki se, tout Semans Abraham yo.

Jan Bib la di a, "Tout Izrayèl ap sove," men sa pa vle di Jwif. Tankou Pòl di, "Se Izrayèl ki alenteryè a, oswa Izrayèl aleksteryè a." "Aleksteryè," jan nou te pale lòt jou swa, se te desandan Izarak yo, pa sèks. Men Iwa Bondye a se te atravè Kris, ki te Semans Wayal Abraham lan, ke se, "pa gras tout Izrayèl sove." Sa se, "Tout sa ki nan Kris sove," tout, dezyèm alyans Bondye a. Men tout bagay sa yo te prefigire Kris.

26 Kounye a remake 2zyèm vèsè a. 2zyèm vèsè la nan Detewonòm 16, "Adore nan plas ke M te chwazi." Bon ou dwe adore Bondye, Li di, "Nan plas ke Mwen te chwazi a," pa sa yon lòt moun te chwazi, men, "sa Mwen te chwazi a."

Kounye a, si Bondye te chwazi yon plas, se responsabilite nou alò pou jwenn sa L te di konsènan sa. E ki kote li ye? Mwen vle jwenn li, paske, seryezman, mwen vle adore L.

Nou tout la isit la, aswè a, pou adore L. Nou isit la aswè a, kòm Metodis, Batis, Katolik, Temwen Jewova, Lasyans Kretyèn, epi tout, men nou tout ap chache yon bagay.

Nou vle konnen Laverite. Bib la di, "Nou va konnen Laverite, e Laverite va rann nou lib."

On moun, paka konnen sa I ap fè, ou pa konn jan pou fè I; ou pa konn kisa pou w fè jiskaske w konnen kijan pou w fè I, pito. Ou dwe konn sa w ap fè a e kijan pou w fè I.

27 Sa montre nou ke Bondye gen yon plas reyinyon pou adoratè L yo, on sèten kote. Se nan plas sa, sèlman, ke Bondye rankontre adoratè Li yo.

28 Bon, epitou, plas Li te chwazi pou adoratè Li yo, Li te deklare Li t ap mete Non L. Kounye a annou chache epi jwenn, atravè Lèzekriti, kote plas sa ye. Sètènman, si Bondye di Li t ap mete Non L nan plas sa kote Li te chwazi pou rankontre pèp li pou adore avèk yo...oswa pou yo adore L, pito, sa a kèkpa nan Bib la, paske se te pou tout aj yo.

29 E gran Bondye enchanjab la paka chanje. Lòm chanje. Men ou ka mete vi w sou tout sa Bondye te jamn di nenpòt ki lè a, paske se Laverite. Se Laverite. Paske, se sèl bagay m ka mete konfyans mwen ladann, se Bib la. Paske, pawòl lòm va fayi, men Bondye siprèm.

Ane sa m ta kab konn plis ke m te konnen lane pase. Ou ta dwe, ou menm tou, chak jou. Nou limite, kifè n ap avanse nan konesans.

Men Bondye enfini. Li enfini. E, paske L enfini, Li paka avanse nan konesans. Li pafè, pou kòmanse. Chak desizyon dwe egzakteman jis.

30 E fason Bondye te aji yon fwa, Li dwe aji fason sa tout tan, osinon Li te aji mal lè L te aji premye fwa a. Si on nonm te janm vin kot Bondye pou sali, sou baz ke Li te aksepte I,

sa dwe aksepte sou menm baz la chak fwa. Se jis. Si yon nonm te janm vin jwenn Bondye pou gerizon Divin, e Bondye te aksepte I sou on sètènn baz, pwochen nonm lan vini, Li dwe aksepte I menm jan an, osinon Li te mal aji kan L te aksepte premye nonm lan. Bondye te etabli yon baz kote Li ta pral rankontre yon nonm. Li te etabli on baz pou sa Li ta pral fè, kijan Li ta pral fè I, e se te atravè san ayo ki te sakrifye nan jaden Edenn lan. Bondye pa t janm, a oken moman, pa t janm chanje sa.

31 Li te deside kijan Li ta pral sove lòm. Nou te eseye jodi a edike lòm nan sa; nou te eseye voye yo lekòl, te eseye edike yo, te eseye fè denominasyon, te eseye fè tout lòt jan de bagay sa yo; fè yo antre, sekwe yo, batize yo, chak lòt fason ki genyen, fè yo antre avèk lèt ekri, Men kanmenm li rete, menm lan, Bondye rankontre yon nonm anba San Ayo ki te vèse a. San an se te fason pa Bondye nan kòmansman, e San an se fason pa Bondye aswè a. Se byen pou w fè penitans ak tout bagay sa yo, men sali vin sèlman atravè San an. San an se sèl fason ke Bondye te chwazi pou sove lòm, e Li paka chanje I.

32 Jòb te gen menm bagay la tou. Li te konnen ke li te yon moun ki jis, paske li te ofri—sakrifis Bondye te mande I la.

33 Kounye a, ann chèche pou nou wè kisa plas sa ye, ak kote Li mete non Li. Nou pral gen pou chèche konnen ki kote Li te mete Non Li. La, si nou jwenn sa Non Bondye ye epi kote Li plase L, alò n ap gen plas pou adore a menm kote nou jwenn sa.

Tout bagay sa yo, natirèlman, se te lonbraj bagay ki te gen pou vini yo. Tout lwa te prefigire bagay ki gen pou vini yo.

34 Menm jan, lalin nan se lonbraj solèy la. Li sèvi nan absans solèy la, menm jan Legliz la dwe sèvi nan absans F-i-s Bondye a. Nan absans Fis la, pi piti Limyè a, Legliz la, kwayan yo, sèvi Bondye epi bay Limyè nan absans Fis la. Men Lè solèy la leve, ou pa wè lalin nan ankò, paske li te desann ale. Li pa bezwen limyè li ankò, paske li sèlman jwenn limyè li an dezyèm pozisyon, soti nan solèy la. Kounye a, solèy ak lalin, se tankou mari ak madanm, Legliz ak Kris.

35 Kounye a, nou jwenn, bagay sa yo se lonbraj Kris. Chak sakrifis, chak fèt, ak tout bagay nan Ansyen Testaman an, prefigire Kris; menm jan lonbraj la ki pwojte sou planche a. Kounye a, men kote nou pral oblige jwenn plas kòrèk pou adore a, se pou retounen la nan Ansyen Testaman an kote ki te bay pou wè sa bagay sa yo te ye.

36 Kounye a, lè yon lonbraj pwojte sou planche a, ou ka di si wi ou non se yon nonm, yon fanm, oswa yon bêt, ou kèlkeswa sa I ka ye a, paske li pwojte yon lonbraj sou planche a. E a mezi ke lonbraj sa ap ratresi, lonbraj la se negatif la; epi pa ka gen yon negatif san yon pozitif. Kidonk, lè pozitif la vin pi pre negatif la, negatif la disparèt nan pozitif la. Lonbraj la ak—ak pozitif la vin ansanm, e se sa ki fè I pozitif la.

Kifè si Bib la di “tout bagay ansyen yo” “nan Ansyen Testaman an, se te lonbraj bagay ki te gen pou vini yo,” alòs Kris te lonbraj bagay ki te gen pou vini yo.

37 Konsa, nou ka wè, dapre tip Ansyen Testaman yo, kote Li te chwazi mete non Li, e pou...pou kounye a. La, menm jan lonbraj la se yon ... pwojte sou planche a, mwen te di, se yon negatif, poutèt se yon tip, konsa nou menm, adoratè yo, nou ka wè tou lonbraj Ansyen Testaman yo ki ap disparèt nan pozitif Nouvo a.

38 Kounye a, tout fèt yo, jou ferye yo, tout tabènak la, tout bwa a, tout bagay nan tabènak la, tout bagay te tipifye Kris. Tout ofrann yo, tout lwa yo, tout bagay te yon tif de Kris. Nou te montre sa, fwa apre fwa, isit la nan tabènak la.

Apresa nou wè, ak bagay sa yo, ke chak credo, legliz, ak denominasyon te abandone lwen dèyè. Yo pa menm nan kous la, ditou. Chak credo, chak legliz, chak denominasyon, konplètman ekate. Pa gen plas pou yo ditou.

39 Pa gen anyen nan Ansyen Testaman an, oswa nan Bib la ki tipifye l, ke inite fòse tou Babèl la. Se sèl bagay ki tipifye inite sa. Paske, se te avèk Nimwòd, yon nonm mechan ki te soti e ki te fòse tout ti peyi yo antre yon kote pou kokenn tour sa. Se te yon adorasyon reliye, natirèlman, men sa pa t konsidere nan Pawòl Bondye a. Kidonk men kote ou jwenn tip reliyon denominasyonèl, tou Babèl la, nan Ansyen Testaman an. Dayè, reliyon sa a te sètènman yon reliyon, men se pa t reliyon Pawòl Bondye a.

40 Bondye pa t chwazi mete Non L nan okenn denominasyon. Mwen vle referans Ekriti pou sa, si se sa. Mwen konnen yo pretann Li te fè sa, men li pa t fè sa. Li pa ka mete Non L plizyè kote, paske Li te di Li mete Non L yon sèl kote. Epi, sèl kote sa, chak denominasyon nou yo vle di ke yo se plas sa, men se le kontré.

Men ki kote L te mete non L?

41 Bon, epi, Li, kisa Non L ye, dabò? Nou pral oblige (Non an) jwenn kisa Non Bondye ye anvan nou ka jwenn poukisa L ap mete L nan plas sa.

Bon, nou jwenn Li te gen anpil tit. Li rele... Li te rele "Pè," ki se yon tit. Epi yo te rele l "Fis," ki se yon tit. Yo te rele l "Sentespri," ki se yon tit. Li te rele "Roz Saron an," ki se yon tit. "Lis Lavale a," yon tit, "Zetwal Maten an." "Jewova-jire, Jewova-rafa", sèt diferant non, konpoze, redanmtif, e yo tout se te dè tit. Okenn nan yo pa t yon non.

Men, Li gen yon non.

42 Lè Li te rankontre Moyiz, Li pa t gen yon Non, e Li te di Moyiz: "MWEN SE SA KI YE A." Epi lè nou wè Jezi sou tè a, k ap pale nan Ebre chapit 6 la...Ekskize m, Sen Jan chapit 6 la. Li te di: "MWEN SE SA KI YE A."

Yo te di: "Ou se yon Nonm ki pa gen plis pase senkantan, epi Ou di W te 'wè Abraham'?"

43 Li te di: "Anvan AbraHam te egziste, MWEN YE." Epi "MWEN YE" se te Sila a, nan bwison ardan an, Kolòn Dife a ki te nan bwison ardan an nan epòk Moyiz la, "MWEN SE SA KI YE A."

44 E la nou jwenn Jezi te di tou: "Mwen te vini nan Non Papa M, e nou pa resevwa M." Alò, Non Papa a oblige se Jezi. Se vre. Non Papa a se Jezi, paske Jezi te di sa. "Mwen pote non Papa M. Mwen vini nan non Papa M, e nou pa resevwa M." Alò, Non L se te Jezi.

Epi Gabriyèl te rele L Jezi, pwofèt yo te rele L Jezi, epi li te absoliman Jezi. Anvan nesans Li, menm pwofèt sen an te rele L Emayèl, ki vle di: "Bondye avèk nou". Apresa, "Bondye te manifeste nan lachè, pou wete peche mond lan," e, lè L te fè sa, yo te ba L Non Jezi. Kidonk, Jezi se Non an.

Epi Non an te plase nan yon Nonm; pa yon legliz, pa yon denominasyon, pa yon kredo, men yon Nonm! Li te chwazi mete Non L nan Jezikri. Kounye a nou jwenn lè sa, Li vin plas pou adore Bondye a, kote w adore L.

45 Byen anvan L te fèt, yo te rele L Jezi. Se te tèlman enpòtan, sa te revele a manman L pa Anj Gabriyèl, ke Non L ta pral rele "Jezi, Fis de Dye a," Se sa L te ye.

46 Alò, nou genyen l la. Men li, pou kont li. Se sa, pou Li sèlman, kote Bondye te chwazi pou adore. Plas Bondye a, ki te chwazi. Bondye te chwazi rankontre lòm; pa nan yon legliz, pa nan yon denominasyon, pa nan yon kredo, men nan Kris. Se sèl kote Bondye pral rankontre yon nonm, pou l ka adore Bondye, se nan Kris. Se sèl kote. Pe enpòt si w se Metodis, Batis, Katolik, Pwotestan, kèlkeswa sa w ka ye, gen yon sèl plas kote w ka adore Bondye kòrèkteman, se nan Kris.

Women 8:1, di, "Se poutèt sa, kounye a pa gen okenn kondanasyon pou moun ki nan Jezikri, ki pa mache dapre lachè, men dapre Lespri." Sa se Levanjil la.

47 Nou ka diferan nan kredo. Nou ka diferan dapre teyori lòm fabrike. Ou ka al nan yon legliz Metodis, ou dwe yon Metodis; Batis, yon Batis; katolik, yon katolik. Men on fwa ou te batize nan Kris, pou vin yon manm nan kò Li a, pa gen okenn diferans. Mwatye mi an

atè plat e ou lib, paske ou nan Jezikri. E w ap adore Bondye an Espri e an Verite lè w nan JeziKri. Se plan Bondye pou ou pou adore L nan Jezikri.

48 Kounye a, okenn denominasyon legliz pa ka reklame sa, pèsonn pa ka reklame sa. Kijan w ta oze fè yon tèl reklamasyon? Fè yon bagay konsa ta pral yon lespri antikris, se t ap diminye Kris; pou retranche nan Li. Ou pa ka fè sa. Kris se sèl plas kote Bondye rankontre adoratè yo.

49 Yo di, jodi a. Mwen te gen moun k ap di m. Yon nonm te rele m sa pa gen lontan, nan Beaumont, Texas. Li te di, "Mesye Branham, si non w pa nan liv legliz nou an, ou pa ka al nan Syèl." Èske w t ap janm panse a sa? Piga w kwè yon bagay konsa. Yo panse ou dwe fè pati legliz sa a osinon ou pa ka al nan Syèl. Se pa vre. Pou kwè sa, se antikris. M ap di sa: Si w kwè yon tèl espri, ou pèdi. Sa se yon bon siy ke ou pèdi, paske se ap retire nan sa Bondye te fè. Bondye pa t janm mete Non L nan okenn legliz. Li mete L nan Pitit Li a, Jezikri, lè Li menm ak Pitit li a te vin Youn. Sa se veritab plas pou adore a. Okenn lòt fondasyon te poze, okenn lòt woche.

Sou Kris, Wòch solid la, mwen kanpe;
Tout lòt teren yo se sab glisan.

Denominasyon yo pral fè miyèt mòso epi tonbe, nasyon yo pral pase, men Li pral rete pou tout tan. Pa gen lòt kote ke yon moun ka jwenn, pou adore Bondye, kote Bondye pral reponn li, okenn kote ke nan JeziKri. Sa se sèl plas, sèl plas Bondye te chwazi pou mete Non L, e se sèl kote Li rankontre lòm, pou adore. Ou pèdi, pou w kwè nenpòt lòt bagay.

50 Remake, tout sèt fèt jwif yo te fete nan menm plas la. Yo pa t janm fete yon fèt /a pou Metodis, epi youn *laba* pou Batis, youn *lòtbò* a pou Presiberyen, youn tounen *isit la* pou Katolik, epi youn pou Pwotestan. Tout sèt fèt yo te fete nan menm plas la.

51 Se yon trè bo tip la. Nou sot pase atravè sèt Aj Legliz yo, ap montre ke Bondye te kenbe tout Sèt Aj Legliz yo nan Pawòl la, paske chak laj legliz te pwodui yon pati Pawòl la, a pe enpòt lè yo te pwodui l yo te wè Limyè a.

Menm jan ak moun ki te dekouvri an premye batize nan Non Jezi. Kisa yo te fè? Yo te fè yon denominasyon ak sa, e sa te mouri drèt la. Apresa, Bondye te deplase la menm pou antre nan yon lòt moun. Li pap rete nan youn nan dògm ak kredo sa yo. Li pa gen anyen pou wè ak sa. Pa gen anyen ki pèvèti nan Bondye a. Pawòl Bondye a sen, san melanj. Kris se pwen santral adorasyon. Li se Bondye.

52 Tout sèt fèt yo dwe fete yon sèl kote. Ou pa t kapab fete fèt la okenn lòt kote. Men, sèt sa yo, plas... Sèt fèt pou ane a dwe fete yon sèl kote. Se poutèt sa, sèt Aj Legliz yo te dwe soti yon sèl kote, se te Kris ki t ap pale nan tout Sèt Aj Legliz yo. Se egzakteman sa. Tip, Sèt Aj Legliz yo, men yo te fè denominasyon ak sa.

53 Kounye a, ann gade yon lòt tip pandan nou la, sa se, tip fèt Pak la, ki te prefigire Jezi. Nou remake la sakrifis san an, ak lanmò an. Sakrifis san an se te plas ki te prefigire Kris. Èske yon denominasyon ka senyen; ou ka panse a yon legliz k ap senyen, yon denominasyon k ap senyen? Sètènman pa. Sa pran san an, pou senyen soti nan yon vi. Epi, lavi a, Men Jezi ki te devwale la pa ayo a. Ayo a se te yon tip Kris, li te prefigire Kris, paske li te "Ayo Bondye a," ke Jan te prezante, "ki wete peche mond lan." Nou jwenn Jezi ki t ap devwale, la nan Egzòd chapit 12.

54 Remake, se te sèl kote lanmò pa t kapab frape. Lè lanmò ta pral frape peyi a, te dwe gen yon sètèn plas; tout sa ki pa t anba l te mouri. Yon sèl plas! Bon, li pa t vle di se te yon kay; men te gen yon sèl kote, se la yo te touye ayo a. Kote san ayo a te ye, zanj lanmò a pa t kapab frape, paske se te sèl kote Bondye te mete Non L. Epi yo te rele ayo sa nan kòmansman, yon ayo. Remake, se te sèl kote li pa t kapab frape.

55 Epi la menm bagay la jodi a. Gen yon sèl kote ke lanmò espirityèl pa ka frape, se Pawòl la. Lanmò pa ka frape Pawòl la, paske Se Pawòl vivan Bondye a.

Men, lè w melanje kredo avè L, Pawòl la retounen al jwenn Tèt Li. L ap separe tankou dlo ak Iwil. Ou pa ka melanje yo ansanm. Se poutèt sa, ou wè, lè kredo antre nan yon denominasyon, yo tout al dèyè kredo a; e Pawòl la mouri, pou L kontinye ak yon lòt moun epi ogmante L pi plis. Ap pwofite de okazyon an, pandan L ap pase de jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri, epi soti ale nan Gren an! Èske w wè chemen Bondye te pase a? Pote non Li, tout tan, ap desann menm jan an, paske Li se Pawòl la.

Remake, Li pa ka mouri. Pawòl lavi a pa ka mouri.

56 Remake jan sa pafè, la. Yo pa t entèdi Zanj lanmò a frape gran entelektyèl peyi Lejip yo. Yo pa t entèdi L frape tè sakre yo, gwo biling li yo, farawon yo. Poutan, prèt yo nan peyi a, yo pa t entèdi zanj lan frape yo. Li te ka frape nenpòt biling, nenpòt kote, nenpòt moun, men li pa t ka frape kote anyo a te ye a.

Lanmò pa ka frape plas Bondye te bay la, e sa
se te nan Ayo a.

57 Remake, yo pa t menm entèdi I frape pèp Izrayèl la oswa Prèt Ebre li yo, ak, oswa nenpòt nan denominasyon pa yo. Tout bagay te dwe nan plas chwazi Bondye te bay la, osinon lanmò te frape.

58 Legliz, kèleswa kote w ye, sa ou fè pati, sa pa fè okenn diferans pou mwen. Men, gen yon sèl bagay ou dwe konnen, ou dwe nan Kris sinon ou mouri. Ou pa ka viv andeyò de Li. Legliz ou a ta ka kòrèk, antanke biling; fratènité w ta ka kòrèk, antanke moun. Men lè w nye Kò a, San an, Pawòl Jezikri a, ou mouri menm kote w fè sa. Se plas Bondye chwazi pou adore. Se kote Non L ye, egzakteman. Se kote L te chwazi mete Non L;
pa nan legliz, men nan Fis la, Jezikri.

59 Remake, sekirite demere sèlman nan plas Li te chwazi a, nan ayo Li a, e lan Non ayo a.

60 Remake, se te yon ayo "mal", yon mesye, pa yon manzè. Pa yon legliz, manzè; men Non pa Li, pa Non manzè. Kote li ta pral rankontre moun yo se pa t nan non manzè, men Non pa Li, Li menm, Ayo a!

61 Kounye a, nou di: "Legliz la, gran legliz pwisan an, li te fè sesi epi sela. Li te pran pwa tanpèt yo. Nou te grandi an popilasyon. Nou anpil an nomb. Nou se yon legliz vanyan. Li se yon gwo zafè."

Men, Bondye pa t janm di anyen sou yon manzè. Li te di: "Misye." "Li menm," se plas rankont lan, Ayo a, pa legliz la. Pa non manzè, men Non pa Li. Li pa t mete non manzè okenn kote. Li te mete non L nan "Li"!

Se poutèt sa, "Tout sa nou dwe fè, keseswa an pawòl keseswa an aksyon, nou dwe fè tout bagay lan Non Jezikri." Si n ap priye, nou dwe priye lan Non Jezi. Si n ap fè petisyon, nou dwe mande lan Non Jezi. Si n ap mache, n ap mache lan Non Jezi. Si n ap pale, n ap pale lan Non Jezi. Si n ap batize, nou dwe batize lan Non Jezikri. Paske, "Tout sa n ap fè an pawòl oswa an aksyon, fè l an Non Jezikri."

62 Yon zanmi te di m yon fwa, li t ap diskite sou sa, li te di: "Frè Branham, madanm mwen, mwen pa..." Li te di, "Li, non li se Entèl-entèl. konsa." Li se yon minis, li ka chita isit la kounye a. Epi li te di, "Madanm mwen," te di, "li gen non mwen." M ap jis di Jones, paske se pa t Jones. Li te di, "Kounye a, li pa bezwen leve chak maten, pran bale epi di, 'Kounye a, mwen bale etaj la lan non Jones, epi mwen lave asyèt yo lan non Jones, epi mwen rapyese rad yo lan non Jones.'" Li te di, "Mwen pa panse ou oblige fè apèl a okenn non ditou."

Mwen te di, "Mwen kwè ou dwe fè sa." Se vre.

Epi li di: "Ebyen, poukisa? Li pa oblige di l. Tout bagay li fè se lan non Jones, pou kòmanse."

63 Mwen te di: "Men, ou pa t janm mache nan lari pou w pran l, epi te di, 'Vini, Jones.' Li te dwe vin, premyèman, pa yon seremoni, yon seremoni maryaj, 'Jones.' Si sa pa t fè t, w

ap viv nan adiltè. Epi si w te batize nenpòt lòt fason sof lan Non Jezikri, li se yon batèm adiltè, ki pa retwouve I nan Bib la."

Alò, "Nenpòt sa w ap fè an pawòl e an aksyon, fè tout lan Non Jezi." Apresa, se nenpòt sa w ap fè! Men, anvan, ou te vin lan Non Li.

64 Gen anpil bél fanm nan biling sa aswè a, ki bon, fanm lwayal; men gen yon sèl Madan William Branham. Se li ki pral lakay avè m. Se li ki madanm mwen.

65 Gen anpil bon moun nan mond lan, bél legliz; men gen yon sèl Madam Jezikri, e se pou li menm L ap vini. Se la Non Li demere. Se la adorasyon Li ye, nan Manzè epi Manzè sèlman. Sa se vre. O, wi, mesye. Nou dekouvre sa se vre.

66 Bon, se poutèt sa, nou menm, "Tout sa nou fè an pawòl oswa an aksyon, nou fè I lan Non Jezikri."

"Pa gen yon lòt non yo bay anba syèl la pou delivre, ke Non Jezikri." Ak, chapit 2 a, di ke, "Se pou sa nou konnen..." "Pa gen yon lòt non ki bay anba syèl la ki pèmèt yon moun sove, sèlman Non Jezikri." Amèn. Mwen espere w konprann sa. Non Jezikri a, chak...

Sa k pi wo nan Syèl la pote non L, "Tout fanmi ki nan Syèl la pote Non Jezi," Bib la di, "e tout fanmi sou tè a pote non Jezi." Kidonk se Non Bondye chwazi a ak kote Li mete L. Sa se plas adorasyon pa L, se nan Jezikri. Bon, nou konnen sa dwe konsa, pa gen okenn lòt pou adore ke nan Li.

67 "Pa gen yon lòt non anba Syèl la ki te bay pamì lèzòm, ki pèmèt ou sove." Li se non Bondye pou redanmsyon. Bondye gen yon Non ki rele Jewova-jire, Jewova-rafa. Jewova-jire, "Seyè a padonnen tout peche w yo." Jewova-rafa, "Seyè a geri tout maladi w yo." Li te gen anpil tit. Men, li gen yon sèl non redanmsyon, ki fè pati ras imen an, se Non "Jezi" a. Sa se Non pa L, kote L te chwazi mete L la. Ki kote Li te mete L? Li mete L nan Kris.

68 Tout lòt non legliz, kredo, tit, se lanmò pou kwè yo. Ou kwè nan legliz metodis pou mennen w nan Syèl, ou pèdi. Si w kwè pannkotis yo, legliz panntkotis pou mennen w nan Syèl, ou pèdi. Epi Batis, Luteryen, Prezbiterien, Katolik, nenpòt lòt legliz la; ou kwè non yo, oswa tit yo, oswa kredo yo, ou pèdi.

Paske, ou pa menm ka adore jiskaske premyèman ou antre nan plas pou adore a. Amèn. Se sèl kote Bondye rankontre adoratè a, se kote Li te chwazi pou I mete Non L. Tout lòt yo, ou kwè nan yo, w ap mouri. Li menm tou...

69 Yon lòt lonbraj Jezi isit la, mwen te make Ekriti a. Epitou, Li—Li te prefigire isit la, "Li te dwe san tach." Plas kote Li mete Lon Li an, ayo sa a dwe san tach.

Kounye a, ki denominasyon oswa ki sistèm ou ka met etikèt sa sou li; Ki legliz, katolik, pwotestan, jwif, kèlkeswa sa I ye a? Ki sistèm, denominasyon, ke w ka bay etikèt sa, "san yon defo sou li"? Yo tout nèt rejte, epi refize!

Men, gen yon plas! Alelouya! Plas sa a se nan Jezikri. Pa gen tach sou li. Pa gen okenn defo nan Li.

Ou pa ka ba I non sa. Tout moun sa yo ki eseye fè sa, pou di legliz yo san fòt ak tout bagay sa yo. Sa souye, enfidèl ak Pawòl la, pleziyis, mwatye mouri, Lawodiseyen, kredo, san Laverite. Men menm Pilat li menm, ènnmi Li, te di: "M pa ka jwenn okenn fot nan Li." Pwòp lènmi Li temwaye pa t gen okenn fot nan Li. Ou pa ka kole okenn peche sou Li.

70 Li di prêt nan tan pa Li: "Kiyès nan nou ki ka akize M de peche? Kiyès ki ka montre M ke M se yon pechè?"

Nonmen m yon sèl legliz ki ka di ke yo pa janm fè anyen de mal. Franchman, pa gen on sèl, apèn, ki pa touye epi ki pa fè tout sa nou ka jwenn nan almanak yo, apèn youn. E poutan yo kontinye ap rele tèt yo... Alò se pa plas Bondye chwazi pou adore a, kèlkeswa kredo a oswa denominasyon an.

71 Zanmi m yo, m pa vle fè nou mal, men mwen responsab on Mesaj, e Mesaj sa a se: "Soti nan gagòt sa a!" E si mwen mande nou pou soti, ki bò m pral mennen nou? Èske m pral mennen nou nan Branham Tabènak? Li an tò menm jan a lòt yo.

Men gen yon plas kote m ka mennen nou, kote nou an sekirite epi pwoteje de lanmò, se an Jezikri, plas pou adore Bondye a. Sa se plas la ke m ap prezante nou, aswè a, kote Bondye mete Non Li. Kote Li te pwomèt ke Li t ap rankontre chak moun k ap antre la a, Li pral adore avè l epi fete avè l, sa se nan Kris; pa nan on legliz, pa nan on tabènak.

Men, nan Kris, Li se Tabènak Bondye a. Se Li ki plas kote Bondye antre a, Limenm, epi Li abite nan Li. "Sa se Ptit Mwen renmen anpil la, M pran plezi abite nan Li." Se la a ke Bondye enstale Li, te pote Non Li epi te plase L sou Jezikri. Kidonk, Non Li te plase nan yon Nonm, Ptit Li, Jezikri, kote Li enstale L Limenm, nan Tabènak sa a.

Alòs ke, nan yon tip, ansyen Jerizalèm lan, ansyen fèt yo, ansyen tanp lan, se te yon tip; lè lafimen an antre, jou ach alyans lan te antre a, epi yo te enstale l, epi yo te tande Vwa Bondye soti la a.

Se konsa yo te tande Vwa Bondye a, pandan y ap antre nan Tabènak la, Jezikri; tout bon, Ansyen an (natirèl la) se te yon tip epi yon lonbraj Nouvo a. Epi lè L antre nan Kris, Li di: "Sa se Ptit Mwen renmen anpil la, M pran plezi abite nan Li. E M pral chwazi plas la kote M pral mete Non Mwen, epi kote M pral rankontre moun, epi kote M pral adore." Bondye chwazi plas la; pa nan yon legliz denominasyon, men nan Jezikri. Wi, mesye.

72 Li dwe "san defo" tou, jan m te di l la. Pa gen denominasyon ki ka pretann sa. Yo fè l; yo antikris.

73 Kounye a nou wè isi a, remake lonbraj Li ankò. Yo dwe gade ayo a-a. Bon, ou jwenn sa a nan Egzod 12, si ou note l, Egzod 12:3 a 6. Yo dwe gade ayo a pandan kat jou, yo dwe teste l, pou wè si l toujou diy pou ale nan sakrifis la. Yo dwe pran l, dwe egzamine l ankò e ankò, pandan kat jou, pou wè si l gen yon defo, pou wè si l gen yon maladi, pou wè si gen yon pwoblèm ak ayo a. Yo dwe veye sou li pandan kat jou.

74 Kounye a remake. Kèk nan nou te ka panse ke sa te yon ti jan, touye katòzyèm jou a. Men, sonje, yo te pran ayo a diyèm jou mwa a, epi yo touye l katòzyèm jou mwa a, wè, kifè yo te veye l pandan kat jou.

75 Kounye a, Jezi, Non Bondye a, Ayo a, te ale Jerizalèm epi Li te jis soti apre lanmò L, antèman L, epi rezirèksyon L. Yo te kenbe L anba kritik pandan kat jou e kat nwit. Jan Ayo sa a te parfètman tipifye, kenbe pandan kat jou. Se lè sa Pilat di: "M pa ka jwenn okenn defo nan Li."

76 On lòt lonbraj de Limenm, okenn nan zo Li pa t ka brize, sa te parfè, lè yo pat kapab. Lè yo touye sakrifis la, yo pat gen dwa brize yon zo. Sinon, yo te refize l. Epi yo te deja leve mato a pou brize zo janm Kris, kan yo te di: "Li deja mouri." Yo pèse kòt Li epi yo te jwenn San ak dlo.

77 Gade yon lòt gwo bagay ankò la a. M pa vle kite sa pase, paske Li te reprezante nan ofrann yo, ofrann repa a.

M sonje on lè, yo te gen yon lekòl, nan Bib la, ke yo te rele lekòl pwofèt yo, e se te yon kokenn lekòl. Epi nou dekovri ke Eli t al nan lekòl sa a yon jou, epi yo di:

“Noumenm...” Yo sipliye I pou I pati, yo di: “Lè w la a, bagay yo twò dwat.” Alò yo te vle I ale.

Epi yo soti pou al chache manje ba li. Epi yon gwoup prêt soti, oubyen pwofèt, pou al chache pwa, pou prepare manje ba li. E lè yo ale, yo rammase yon gwo tablye plen; e lè yo tounen, se te kalbas sovaj, ki te pwazon, epi yo te mete yo nan mamit la. E mamit la kòmanse bouyi, epi yo, on moun di: “Malerezman, gen lanmò nan mamit la. Kounye a, nou pa ka menm manje.”

Epi Eli di: “Pote yon ponyen farin ban mwen.” Epi li pran farin lan e li mete I nan mamit la, epi li di: “Manje. Mamit la kòrèk.”

78 Ofrann repa a se te Kris. Chak gren te dwe menm, epi chak ti mòso farin te dwe dekoupe menm jan an, pou ofrann farin lan. Sa montre ke se Li ki geri. Li ranplase, e Li retire lanmò a, epi Li mete Lavi; pa toude lwa yo. Alelouya! Kote gen lanmò, on kote; lè Kris antre, Lavi antre. Li se menm lan ayè, jodi a, e pou toutan. E kote te gen lanmò, vin gen Lavi, paske yo te fè antre Kris sa a, ofrann farin lan.

79 Ala gwo lesyon bagay sa yo t ap fè si nou te pran tan pou n wè yo an detay! Kounye a remake, pa gen yon sèl mo nan lonbraj yo ki echwe. Pa yon sèl mo te janm echwe, lonbraj la. Tout bagay tipifye parfètman.

Li se plas Bondye chwazi pou adore, e yo ba L Non Bondye. Li se plas adorasyon Bondye, e yo ba L Non Bondye. Li se Pawòl Bondye a, e Li se Non Bondye. Li se alafwa Pawòl Bondye a epi Non Bondye a. “Li te Pawòl la ki vin tounen moun.” Li te Pawòl Bondye a, Ayo Bondye, Non Bondye, e L te Bondye. Se sa L te ye, sèl plas ki te chwazi pou adore Bondye.

80 E Bondye refize tout lòt kote andeyò Jezikri; ou pa ka adore L lòt kote. Li di: “Se tan yo yap pèdi, lè yap adore M, ap anseye kòm Doktrin kòmandman lèzòm.” Jodi a nou gen kredo, dògm, e tout bagay, kap anseye ke sesi se chemen an , e ke sel/a se chemen an.

E Jezi di: “Se Mwen menm ki Chemen an, Verite a, e Lavi a, pèsonn pa ka al jwenn Bondye si li pa pase pa Mwen.” Nan lòt mo: “Mwen se Pòt pak mouton yo. Tout moun ki deyò yo se volè.” Se Li ki sèl aksè a. Se Li ki Pòt la. Se Li ki Chemen an, Verite a, Lavi a, tout sa ki genyen; sèl antre a, sèl plas la, sèl adorasyon an, sèl Non an.

Tout bagay lye ak Jezikri. Tout Ansyen Testaman an lye ak Li. Nouvo Testaman an lye ak Li. E Legliz la jodi a lye ak Li, pa Pawòl kòmandman Li. Pa gen lòt plas, ni lòt Non, ni lòt plas kote Bondye janm pwomèt rankontre on moun; nan Jezikri sèl, plas Li chwazi pou adore.

81 Remake, Bondye te pwomèt pou L rankontre adoratè L yo sèlman nan kote sa a, e se pa Pwòp chwa Li; pa selon chwa pa nou, pa selon panse nou; men selon panse Pa Li, chwa Li. E se tap plas kote Li mete Non Li, kote Li chwazi. Alò nou wè ke nou jwenn kote Non Li te ye, sa Li te chwazi, pa Pwòp chwa pa L.

82 Kounye a ke nou jwenn plas kote Li mete Non Li, sa vle di nan Jezikri, e pa gen lòt plas, ni lòt non, èske nou konvenki de sa? Di: “Amèn.” [Asanble a di: “Amèn.”-Ed.] Kounye a, sa ki genyen se ke, si nou jwenn kote plas sa a ye...Plas adorasyon an pa aksepte okenn kote, sèlman nan Kris.

Ou ka repanti, ou ka fè sa, men ou pokò ap adore. W ap mande padon. Pyè di...

Jou Pannkot la, lè yo wè yo tout k ap pale an lang, epi gwo siy ak mirak ap fèt, yo kòmanse ri, legliz la fè sa, epi yo di: "Moun sa yo sou. Yo aji tankou tafyatè..." Mari vyèj la, yo tout, yo te ansanm, yo te sanven. E yo t ap kilbite tankou moun ki sou, epi yo t ap pale an lang, epi yo t ap fè dè bagay etranj. Yo di: "Moun sa yo sou."

83 Men Pyè leve, epi li di: "Òm ak frè, moun sa yo pa sou, paske se sèlman twazyèm èdtan nan jounen an. Men, men sa pwofèt Jowèl te di: 'Men sak pral rive nan dènye tan an, se Bondye menm k ap pale: M ap vide Lespri M sou tout moun sou latè; ptit gason nou ak ptit fi nou yo va pwofetize; M ap vide Lespri M sou tout sèvitè M yo, fi kou gason. Mwen pral fè mèvèy parèt anwo nan syèl la, e sou latè; dife, kolòn dife, nwaj lafimen. Sa pral rive ke, anvan gwo Jou a, Jou k ap fè moun tranble a rive, ke nenpòt moun ki va rele Non Seyè a va delivre.'"

84 Lè yo tandé sa, kè yo te touche anpil, epi yo di: "Òm ak frè, kisa nou ka fè?"

85 Pyè di: "Repanti, nou tout, epi batize nan Non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo, e n ap resevwa don Sentespri a. Paske pwomès la se ke, tout jenerasyon yo k ap vini." Bon nou jwenn sa.

86 Kounye a, nou vle konnen kouman pou nou *antre* nan Li. Kijan pou nou antre nan plas adorasyon sa a? 1 Korint 12 di I: "Pa yon sèl Espri!" Pa selon yon legliz, pa selon yon kredo, pa selon yon pastè, pa selon yon evèk, pa selon yon prêt. Men, "Pa yon Sentespri nou tout batize nan yon sèl Kò," ki se Kò Jezikri, epi ki soumi a tout don ki repoze nan Kò sa a. Wi, mesye! Pa selon yon adezyon, pa nan resite kredo, pa nan gonfle tèt ou, lage kò w atè, bay lanmen, ou anyen lòt. Men, pa Nesans, nou batize nan Kò Jezikri! Amèn. "Pa yon sèl Sentespri, nou tout batize nan yon sèl Kò."

87 E kisa ki Kò sa a? "Nan kòmansman an Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. Epi Pawòl la te vin fè L chè e Li te abite nan mitan nou." Kijan nou ka nan Kò sa a epi nye yon sèl Pawòl nan Li, oubyen plase L on lòt kote, pou L pa menm nan Kò a? Kijan nou ka janm fè sa? Plas Bondye chwazi!

88 Remake, e lè ou vrèman batize nan Li, vrè prèv la, se ke ou kwè L, Limenm, Pawòl la.

Kijan ou ka fè pati de Li epi apresa renye Li? Kijan m ka renye ke men m se men m? Si gen yon... Si m fè sa, m gen yon pwoblèm mantal lakay mwen. E kijan m ka? Si gen yon pwoblèm mantal lakay mwen, paske mwen nye ke se men m, ke mwen nye ke se pye m, alò gen yon pwoblèm espirityèl avèk kwayan an ki nye tout Pawòl ke Bondye janm pwononse epi pwomèt. Gen yon pwoblem espirityèl avèk swadizan kwayan sa a.

89 Ou pa ka nye yon sèl lèt de Li, paske ou vin on pati de Li. Ou fè pati de Li paske ou te batize nan Li: ak, Sentespri a fè w antre nan Kò Jezikri. Ala bèl bagay!

90 Bondye te gen yon plas kote L te konn rankontre–Li te konn rankontre Abraham, e se la a ke Abraham te konn adore. Nan tout Testaman an!

E Pawòl Li te pwomèt la pral manifeste nan ou, pa Limenm. Èske nou kapte sa? Pawòl la ke L te pwomèt akonpli nan jou ke w ap viv la: w ap on lèt Bondye ekri, ke tout moun pral li. Se pa sa ou pretann, men sa Bondye fè atravè w, pral pale pi fò ke tout sa ou te ka pretann. Bondye te di: "Siy sa yo pral swiv sa yo ki kwè." Sa pale atravè w.

91 Li te pale de laj sa a, sa ki t ap genyen kounye a. Kwayan aj sa a dwe kwè Sa, sa Li pwomèt jodi a. Menm jan yo te dwe antre nan lach la, pou yo te sove; soti nan peyi Lejip pou yo te sove; yo dwe antre nan Kris pou yo sove kounye a, antre nan Mesaj Pawòl la, ke Li se menm lan ayè, jodi a, e pou toutan.

92 Kouman ou antre Ladann? Pa batèm lan! Batèm kisa, dlo? Pa Sentespri a! “On sèl Lespri, nou tout batize nan sèl Kò sa a.”

93 E Pawòl Li pwomèt la, Li p ap... Ou p ap bezwen entèprete L. L ap entèprete L atravè ou; sa w ap fè, sa Li te pwomèt pou L fè. Legliz k ap swiv Li ap tèlman sanble avè L ke moun yo ap konnen.

Gade Pyè ak Jan lè yo te poze yo kesyon sou zafè ke yo te geri on nonm nan pòt ki rele la Bèl la. Yo di: “Yo te wè,” sakrifikatè yo te wè, “ke toulède te dèzòm inyoran san konesans,” men yo te rekonèt yo paske yo te avèk Jezi. Paske, (kisa?) yo t ap fè bagay ke L te fè.

94 Li te dwe okipe de zafè Papa L. E jodi a, li dwe menm jan an.

95 Kounye a, sonje, Li se menm lan ayè, jodi a, e pou toutan; paske Bondye rankontre w nan Li, sèl plas ki egziste; paske se la ke Li chwazi mete Non L, nan Jezi. “Jezi” se Non Bondye. Sonje, Pè, Fis, Sentespri, se tit Non “Jezikri”.

96 Lè Matye te di: “Ale, fè disip pou Mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Pè, Fis e Sentespri.”

Jan yo mal entèprete l jodi a, yo di: “Nan non Pè a, non Fis la, non Sentespri a.” Sa pa menm ekri. Se: “Nan Non”, osengilye, “Pè, Fis, Sentespri.” Pè se pa yon non, Fis se pa yon non, Sentespri se pa yon non; se tit.

Dis jou apre, Pyè leve epi li di: “Repanti, nou tout, epi batize nan Non Jezikri.” Alò èske I t ap fè sa Li te di pou l pa fè? Li fè sa Li te di l fè. Non Papa a, Fis ak Sentespri, se “Seyè Jezikri a”. Chak moun nan Nouvo Testaman an, te batize nan Non Seyè Jezikri.

97 Pa gen yon sèl moun nan Bib la ki te batize avèk tit Pè, Fis e Sentespri. Sa pat janm egziste jiskaske credo Nise a te etabli a Nise, a Wòm. Se te yon lòd legliz Katolik, mwen jwenn, ki konfime menm bagay la, nan katechis la. Mwen jwenn li, se vre nan, *Reyalite Fwa Pa Nou*, e latriye, ke se absoliman yon credo Katolik Women. Yo pral di nou ke li pa nan Bib la, men yo di ke yo gen pouwva pou chanje Pawòl sa yo, si yo vle, poutèt pap la. Mwen pa dakò.

Jezikri Li se menm lan ayè, jodi a, e pou toutan. “E si yon moun wete yon sèl Pawòl nan Bib sa a”, Jezi di: “oubyen mete yon sèl mo Ladann, pòsyon pa l la retire nan Liv Lavi a.” Yon sèl Mo; pa yon fraz, ou yon paragrap, men yon Mo! “Si yon moun wete on sèl Mo...”

98 Nan kòmansman an, Bondye te fòtifye pèp Li avèk Pawòl Li. On sèl Mo, mal entèprete, te koze tout lanmò, tout mal tèt, tout doulè. Èv, li pat janm dezobeyi yon fraz; li te dezobeyi yon Mo. Lè Jezi vini, nan mitan Liv la... Sa se te kòmansman Liv la.

Lè Jezi vini, nan mitan Liv la, kisa L di: “Moun pa kapab viv ak manje sèlman. Yo bezwen tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye tou.”

Nan fen Liv Apokalips, chapit 22, vèsè 18, dènye pati Bib la, Jezi Limenm ap pale, Li di: "Mwen temwaye ke si yon moun wete on sèl Mo nan Liv sa a, oubyen ajoute on sèl Ladann, pòsyon pa I la ap retire nan Liv Lavi a," paske li se yon fo pwofèt epi li twonpe moun yo, e san yo ap sou men li, poutèt li fè sa.

99 Nou dwe kenbe plas adorasyon sa a, ki se, Jezikri Pawòl la, menm lan ayè, jodi a, e pou toutan. Amèn. Trè byen. Sonje, pa gen lòt plas rankont pou adore, se pa yon plas. Se Bondye ki chwazi L.

100 Jan, lòt bò a gen lontan de sa, nan pwen rankont ant Nouvo e Ansyen Testaman an. Tande byen kounye a. Remake byen. Jan, gwo èg sa a, rive nan dezè a ap vole, on jou, gwo zèl li tou louvri. Li poze sou bò Jouden an, on gwo pwofèt èg ki te fè pon ant Ansyen e Nouvo Testaman an, epi li rele yo bò dwat ak bò gòch. Li te konvoke yon jou repantans.

Lè Farizyen yo ak Sadiseyen soti; li di: "Pa kòmanse di nan kè nou: 'Nou gen Abraham kòm papa', paske mwen di nou ke, Bondye kapab pran wòch sa yo, Li fè yo tounen pitit pou Abraham." O! lala!

Lè li kòmanse pwoklame Levanjil li a, e ke I t ap di: "Genyen Youn nan mitan nou, ke nou pa konnen. M pokò idantifye L, men m ap rekònèt Li lè Lap vini. Mwen pa diy pou m demare soulye Li. Men L ap batize nou ak Sentespri epi ak Dife. Epi Li gen laye I nan men L. L ap netwaye teren Li konplètman, e Li pral boule pay la nan Dife ki p ap janm etenn."

101 Gwo èg Levanjil sa a te la epi li t ap pwononse gwo menas li yo. E salte a te soti, oswa Ewòd, anperè epòk sa a, pwoklamatè, ki te marye madanm frè li. Èske nou ka imajine gwo èg Levanjil sa a t ap rete chita la a pou I fèmen bouch sou sa?

Kèk nan yo te di: "Pa preche sou maryaj ak divòs kounye a, Jan, paske Ewòd la a."

102 L al di I nan figi I: "Ou pa gen dwa pran I." Se sa!

Kisa, li menm, te ye? Li te èg dezè sa a. Li pa t fòme anba laperèz ak menas moun, de kèk denominasyon. Men li te fòme anba pwisans Bondye Touwpisan an, pou konn sak t ap la. Li te konn idantifikasyon Mesi a.

Alelouya! Mo sa a vle di: "Louwe Bondye nou!" Pa pè. M pa janm fè moun mal. M pa eksite. M konn egzakteman ki kote m ye.

O, lè m ap panse a li, gwo èg sa a k ap vole lòt bò a, epi ki poze tèt li! Li di: "M ap rekònèt Li lè L ap vini."

103 On jou, li te la a, ap preche. Sakrifitatè yo te sou lòt bò a, yo di: "Ou vle di ap rive yon lè, yo pral retire sakrifis chak jou a; gwo tanp sa a ke nou konstwi a, e tout travay ke nou te fè, noumenm, gwo denominasyon an?"

Li di: "Pral rive yon lè kote tout sa pral elimine."

"Li pa posib. Ou se yon fo pwofèt!"

104 Epi I te vire gade. Li te di: "Gade, men Li! Men plas Bondye chwazi pou adore. Men Ayo an, vrè Ayo ki retire peche mond lan." Li pat di: Men Metodis lan vini, men Batis lan vini, oswa Katolik lan." Li te di: "Men Ayo Bondye ki retire peche mond lan vini."

Sèl zòn sekirite ki genyen se nan Ayo Bondye sa a. Se nan Li sèl ki gen lesali; pa nan okenn legliz, okenn kredo, okenn moun, okenn papa, okenn manman, okenn sen òm, oswa anyen, plas sen. Se nan Bondye Sen an, Seyè Jezikri a, kote Bondye te plase Non Li nan yon Èt imen, pou redanmsyon, Ki te peye pri an pou nou pechè. Se sèl plas kote gen lesali. Se Wòch ke m kanpe sou Li a.

105 Jan te idantifye Li. Li te di: "M pat konnen L lè m te wè L mache vini, men deyò la a kote m te fè etid mwen..." Pa nan seminè tankou papa I te fè; pa kòm yon prèt, ki fòme. Men nan dezè an, kote I te ye nan seminè teyolojik Bondye Toupwisan an, ap tann Pawòl Bondye; pa sa kèk gwoup òm te envante, men sa Bondye te di sou Li. E lè Jan te gade anlè epi te wè Lespri an kap vini, li te di: "Mwen rann temwayaj, sa se Li." O la la!

Men plas pou adore nou an. Men plas pou kache nou an. Men Ayo Bondye ki retire peche mond lan. Pa okenn legliz, okenn kredo, oswa anyen lòt, men Ayo Bondye ki retire peche mond lan.

106 Gade kijan Jan te plase I? Li pat di: "Noumenm Farizyen yo gen rezon, noumenm Sadiseyen, Hewodyen." Li te di: "Men Ayo an." Se plas la. Li gen Non an. Li se Sila a. Pa yon lòt anba Syèl la!

107 Gade kisa Jezi te di sou Jan kounye a. Yon jou Jan te voye kote L, pou wè kisa L tap fè. Jezi te di de li: "Li te gran limyè kap klere sa a," pou montre yo bon chimen an ke yo ta dwe swiv anvan vini Li, premye vini Li. Koute byen. Pa rate sa. Jezi te di: "Jan se te limyè sa a." Malachi 3, nanpwen erè! Pwofèt la ak gran limyè kap klere a te idantifye Jezi kòm etan sèl Sila a, "Ayo an." Tout lòt ayo ke prèt sa yo tap pale de yo, ak tout lòt bagay sa yo, se te foli. Men "Ayo an" te la! Nonm ak gran limyè kap desann sot nan Syèl epi ka prale sou Li." Sa te pozitif, se te Li.

Malachi 3 te di: "M ap voye Mesaje Mwen devan figi M pou prepare chimen an." E sila a ke yo te voye pou prepare chimen an, te idantifye L, plas la. "Se Li! Pa gen erè. Se Li! M wè siy lan kap swiv Li. M konnen ke se Li; yon Limyè kap desann sot nan Syèl epi ka prale sou Li." Sa te pozitif, se te Li.

108 Alò, frè mwen, m vle mande w on bagay, nan fenmen. Nou te ka di sa. Nan Malachi 4, èske yo pat pwomèt nou tou yon lòt èg, yon Kolòn Limyè ke yo dwe ap swiv, pou montre legliz kap ere a nan jou sa a ke Li se Ebre 13:8, "menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan"? Èske yo pat pwomèt nou yon lòt ki pou vin ap vole sot nan dezè an? Amèn! Se egzakteman Verite an. Jan sa koresponn, jan sa mache ak Lik 17:30, kote Fis de lòm lan (Èg) ap revele Tèt Li pou mennen a neyan tout lòt plas pou adore yo, tankou denominasyon yo e latriye!

Bondye te chwazi plas Li. Jan te di: "Men Li!"

109 Epi yo te pwomèt nou menm bagay la nan jou sa a, Malachi 4 : "Pou vire kè timoun yo tounen," pou di ke Li pa mouri, bagay sa yo pa pou yon lòt aj; batèm nan Non Jezi pat pou anvan la a, men Li se menm lan kounye a. Amèn. Pou mennen a neyan tout lòt plas pou adore yo, se sa èg dènye jou an dwe fè, montre ke tout rès lan se foli, denominasyon se foli, men montre yo ankò ak menm siy ke L te fè a, ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Alelouya!

110 Epitou, nan Apokalips 4:7, nou te gen kat Bèt ke nou fèk sot etidye.

Premye an se te, nou te dekouvri...dekouvri, se te Lyon an. Se te premye Bèt lan ki te soti pou rankontre defi nan jou sa a, Lyon tribi Jida an.

Apre Li pwochen Bèt lan vini. E nou dekouvri, pwochen Bèt lan se te yon bèf, ki se yon bêt ki pote chay, yon sakrifis. Nan jou katedral Women an, Legliz lan te mouri; sakirifs.

Pwochen an vini, se te yon nonm, se te yon Bèt ak yon figi yon nonm. E nonm sa a se te refòmatè yo, edikasyon lòm, teyoloji, e latriye.

Men dènye Bèt lan ki te dwe vole, dènye Bèt lan ki te dwe vini, Bib lan te di se te yon èg kap vole. Alelouya! E pwofèt lan te di, nan jou sa a: "Va gen Limyè." O la la! "Nan jou sa a pral gen Limyè."

111 Te gen yon jou refòmatè. Te gen yon jou ki se jis yon lonbray, pa ka rele lajounen oswa lannwit. Men nan tan aswè a, nan tan Èg lan:

Va gen Limyè nan zòn tan Èg la,
Chimen Laglwa nape jwenn sètènman;
Nan chimen dlo an gen Limyè jodi a,
Ki antere nan Non presye Jezi.

Jenn kou granmoun, repanti de tout peche nou,
Sentespri a va batize nou sètènman;
Paske Limyè aswè yo vini,
Se yon fè ke Bondye ak Kris se Yon Sèl.

112 Amèn! Va gen Limyè nan zòn tan aswè an, sèl plas Bondye chwazi pou adore. O, pou kisa Mesaj sa vini, kisa L pral fè? E nan jou li va gen Limyè nan tan aswè a, epi (kisa?) pou akeyi pitit Li yo tounen lakay nan vrè Tè pwomiz la, pa menm siy Kolòn Dife an ki te kondwi pitit Izrayèl yo nan dezè a.

Plas Bondye chwazi pou adore, Jezikri. Se sèl plas ki genyen. Se sèl Non Bondye genyen pou lesali. Se Non ke Li bay fanmi an nan Syèl la, lè li sou latè, se Jezikri.

113 O legliz, O moun yo, zanmi pechè, pa fè anyen lòt konfyans ke Jezikri. Pa fè okenn predikatè konfyans. Pa fè okenn lòt moun konfyans pou sove nou. Pa fè okenn legliz konfyans, okenn credo, okenn denominasyon. Fè Jezikri sèlman konfyans, paske Li se Limyè lè a.

Annou koube tèt nou.

Va gen Limyè nan zòn tan aswè a,
Chimen Lagwa nape jwenn sètènman;
Nan chimen dlo an gen Limyè jodi a,
Ki antere nan Non presye Jezi.

Jenn kou granmoun, repanti de tout peche nou,
Sentespri a va antre sètènman;
Limyè aswè yo vini,
Se fè yo ke Bondye ak Kris se Yon Sèl.

114 O, frè, sè, si nou potko repanti, si nou pat batize nan Non Jezikri, èske nou ta fè sa kòmanse aswè a? Èske nou ta vle bay Bondye okazyon an pou akeyi nou nan plas la kote nou ka adore Li? Sonje, deyò sot la a, pa gen plas ke Bondye te pwomèt pou rankontre nou epi akeyi adorasyon nou.

115 Ou di: "Frè Branham, mwen adore jis ak otan senserite!" Se konsa Kayen te fè. Li te fè tout kalite ofrann ke Abèl te fè, men se te move ofrann lan. Ou te ka al legliz, epi peye dim ou yo, epi fè devwa w kòm yon Kretyen ta dwe fè, jis sensè menm jan ak nenpòt gason oswa fanm.

M te kanpe isi a kounye a pandan kète trant lane, nan viwonn vil lan isi a, epi te rele menm Mesaj sa a fò. M ap vin granmoun. M pa ka avè nou twò lontan. Men sonje, nan Jou Jijman an, vwa m anrejistre, epi l ap pale kont nou.

116 Gen sèlman yon plas kote Bondye mete Non Li, e se pa nan yon legliz, men nan Jezi. Gen sèlman yon plas pou adore, sèlman yon plas kote yo resevwa nou, e sa se nan Byenneme an, Jezikri. "Pa gen yon lòt non anba Syèl la, ki bay nan mitan lèzòm, kote pou yo sove," nanpwen legliz, nanpwen kredo, nanpwen anyen. Jezikri!

E sa sipoze Mesaj lè a, "Pou tounen restore kè timoun yo, tounen bay Lafwa ki te delivre yon fwa bay sen yo." Èske nou pap asepte L aswè a?

E pandan nou gen tèt nou bese.

117 E sila yo ki ta renmen yo sonje yo nan lapriyè, èske nou ta vle jis leve men nou. Nou pa ka fè yon apèl a lotèl, paske li jis twòp. Bondye beni nou. O la la! Sou bò gòch mwen, m sipoze gen twa san.

118 Kounye a adwat mwen, èske nou ta vle leve men nou, di: "M vle pou yo sonje m." M sipoze gen san senkant, oswa plis, sou bò dwat mwen.

Nou gen yon tabènak anba isi a ak yon gwo pisin dlo; pastè, yon pastè debyen, Frè Orman Neville, asosye, mesye sa yo bò isi a ke nou wè epi nou rankontre. Chak jou, chak nwit, chak lè, moun ki vle batize, ki repanti, li toujou ap tann. E si nou obeyi kòmandman sa a, nou sèten, pa yon pwomès Bondye, si nou sensè nan kè nou, pou n resevwa batèm Sentespri an.

119 Gen sèlman yon plas pou adore. Kounye a, sa se pa nan tabènak la. Se nan Kris. Kijan nou antre nan Li? "Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan sèl Kò sa a."

Annou priye.

120 Chè Bondye, antan men sa yo te monte, yo te vle di kisa ki anba men sa a nan kè a, yon konviksyon ke yo sèten yo bezwen èd nan men W. M priye pou yo chak, Papa. E m pral site Pawòl Ou. Ou te di: "Sila ki tande Pawòl Mwen, e ki kwè nan Sila a ki te voye M, gen lavi ki pap janm fini, e li pap vin nan Jijman an; men li pase de lanmò al nan Lavi."

Papa, jis etan m pati sot nan vil lan pandan kèk semèn, retounen, te mande: "Pou sila a?"

"Enben, yo ale."

"Ebyen, e pou..."

"Yo ale."

121 Chè Bondye, gress pa gress yo rele nou, gress pa gress nou dwe rankontre defi pou mache desann nan vale lonbray lanmò an. E sa dwe rive pou chak gress nan nou, kòm mòtèl. Men, aswè a, Ou te ofri nou petisyon Ou, ke si nou tap kwè nan Sila a epi batize nan Non Li, ke Ou tap fè nou antre. Epi nan Kò sa a, Kò Kris la, pa nan legliz la; men nan Kò Kris la, Kò sa a déjà jije. Li pap gen pou vin nan Jijman. Bondye te vide kòlè Li sou kò sa a, epi kò sa a libere de peche; e, etan nan Li, mete nou lib de peche, pa Ekspiyasyon Li ki te mouri pou nou. E nan la a nou gen kominyon ak youn lòt, pandan San Jezikri an, Pitit Bondye, kenbe nou pwòp de tout peche ak salte.

122 Papa, Bondye, m priye ke W va pran yo chak nan Wayòm Ou. Akòde li, Bondye. Ke pa gen yon sèl nan yo ki pèdi; ke pa gen yon ti gason oswa yon tifi, gason oswa fanm. Seyè, kèk nan pwòp moun pa m yo chita isi a, aswè a, ki soti anba San sa a. Kijan m ka sonje pawòl papa m yo byen! E m priye, Chè Bondye, ke okenn nan yo pap pèdi. Akòde I, Seyè. M ap kwè W kounye a, ak tout sa m genyen pou m kwè avè I.

123 Aji sou frè m yo, sè, zanmi m yo, isi a nan plas sa a aswè a ak deyò laba an nan telefòn lan. Plizyè eta diferan ap koute, ale nèt soti nan Kot Ès rive nan Lwès. M priye, Chè Bondye, anba nèt atravè dezè yo la a nan Tucson, ale nèt nan Kalifòni, monte nan Nevada ak Idaho, ale nèt nan Lès ak nan viwonnan lan, desann nan Texas; pandan envitasyon sa a bay, moun chita nan—nan ti legliz, ap plen estasyon yo, kay yo, ap koute. O Bondye, ke nonm oswa fanm pèdi sa a, ti gason oswa tifi, nan lè sa a, vin jwenn Ou. Akòde I kounye a menm. Nou mande li nan Non Jezi, ke y ap jwenn plas sekirite sa a pandan se tan an.

Lè, nou wè ekriti an sou miray la, latè kap vin sou nè, tan delivrans lan toupre. Pati nan nasyon nou ap koule, lòt pati a ap woule epi eklate ak tranblemandtè, jan Jezi te pwomèt sa tap ye. Pa kite sa twò long pou yo, Seyè. Ke yo asepte I kounye a, paske nou prezante yo ba Ou kòm twofe de reyinyon an, de Levanjil la, nan Non Jezi. Amèn.

124 Èske nou kwè Li? Bondye beni nou. Konbyen moun ki kwè se Laverite, agòch mwen, leve men nou. Konbyen moun adwat, leve men nou. Bondye beni nou. Lwen otan ke m wè, chak moun. Se Verite, zanmi. Bondye konnen se vre.

125 Kounye a pandan nou nan Li, epi etan nan Li, nou gen aksè a tout bagay ke L te mouri pou li. E pou kisa Li te mouri? "Li te blese pou move zak nou yo, maspinen pou peche nou; chatiman lapè nou te sou Li, epi ak maleng Li yo nou te geri." Èske nou kwè sa? Èske nou kwè nan ekspiyasyon Li pou gerizon kounye a?

126 Èske gen dè malad nan mitan nou? Kite yo leve men yo, adwat oswa agoch. Gwo foul maladi. M pa ka rele liy lan. Nou wè, m pa gen...pa ka monte sou lestrad la. Pa gen mwayen pou fè I.

Y ap gen reyinyon priyè deyò nan lòt plas yo, pou malad yo, nan legliz yo ak bagay, anba nan tabènak lan.

M pral mande nou yon bagay. Konbyen kwayan ki gen la a? Leve men nou. Trè byen. M pral site Pawòl lan ba nou, ki se Kris. Dènye komisyon Jezi pou mond lan, ak pou Legliz la, pito, Li te di sa: "Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè; si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri." Konbyen moun ki konnen se vre, Mak 16, di: "Amèn." [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Trè byen. M ap mande nou kòm yon kwayan pou n poze men sou yon moun devan nou. Jis poze men nou sou yon moun devan nou, epi kite chak moun priye yon priyè pou youn lòt kounye a. Mete men nou sou yon moun nan viwonn nou.

127 Seyè, men gen devan mwen yon bwat mouchwa, ti moso twal; kèk manman granmoun ki lonje yon kote, ap mouri, yon bebe toupre lanmò, moun malad toupatou. Nou li nan Bib lan ke yo te pran sot nan kò Pòl dè mouchwa ak tabliye, epi yo te mete yo sou malad yo; epi move lespri, ak lespri sal, ak maladi, ak maladi, te pati sot nan moun yo. Kounye a, Seyè, nou konnen nou pa Sen Pòl, men nou konnen ke Ou toujou rete Jezi, sèl plas Bondye bay pou adore. E kounye a, jodi a, moun sa yo te konfese menm lafwa yo, antan yo kwè tankou moun sa yo te kwè. Sètènman Ou te fè yon chimen pou yo! E mwen mete men m sou mouchwa sa yo epi m mande ke maladi ak afliksyon yo kite kò moun yo ke sa yo pral poze sou yo nan Non Jezikri.

128 Kounye a, yo anseye nou, ke menm jan Izrayèl tap soti Lejip, nan liy devwa an, yo te sou wout yo pou al nan tè pwomiz lan. Lamè Wouj la te rive nan chimen yo. E Bondye gade anba atravè Kolòn Dife a, epi lanmè a te vin pè, te rale kò l, epi kite Izrayèl pase al nan tè pwomiz lan. O Bondye, gade anba atravè San Jezi an, aswè a, epi ke maladi a rale kò li, epi pou Satan chase. E ke moun yo pase al nan pwomès bon sante ak fòs sa a, ke Bondye te di: "Pi wo tout bagay, M swete nou ta pwospere nan sante."

129 Kounye a antan Ou wè la a, Seyè Jezi, men moun sa yo ki poze youn sou lòt, y ap senbolize lafwa yo, ke W te di: "Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè." Y ap priye nan pwòp fason pa yo, youn pou lòt. Pwochen moun lan ap priye pou yo.

130 Kounye a, Seyè, defi sa a te rankontre, ke Satan, gwo blòf lan, li pa gen okenn dwa pou kenbe yon pitit Bondye. Li se yon èt ke yo kale. Jezikri, sèl plas pou adore, sèl vrè Non an, te kale I nan Kalvè. E nou reklame San Li touswit, ke Li te kale chak maladi, chak maladi.

E m rele pou Satan kite oditwa sa a. Nan Non Jezikri, soti nan moun sa yo, epi pou yo libere.

131 Tout moun ki asepte gerizon yo sou baz Pawòl ki ekri an, bay temwayaj nou pa kanpe sou pye nou epi di: "Mwen asepte gerizon m kounye a nan Non Jezikri." Leve sou pye nou.

Louwanj pou Bondye! Apa nou. Gade bò isi a, de enfim ak bagay kap kanpe. Louwanj pou Bondye. Se sa. Jis kwè. Li isi a. Ala mèveye!

132 Deyò nan oditwa an, sou deyò a, pa kab yo, nou ta dwe wè! M panse chak moun anndan isi a, otan ke m konnen, oswa pi fò nan yo, kanpe nan moman sa a. O, ala yon moman mèveye! Prezans Seyè a, se sa! "Kote Prezans Seyè an ye, gen libète, gen liberasyon." Lespri Bondye a fè nou lib.

133 Kounye a ke Li te geri nou, nou kwè li. Li te sove nou; nou kwè li. Sila yo ki vle batize, pisin lan pare. Nenpòt moman, nenpòt lè ke nou vle vini, pral gen yon moun la pou okipe sa.

E kounye a m panse, anvan nou fenmen, nou ta dwe chante yon ansyen kantik legliz la. "Mwen renmen Li, mwen renmen Li paske Li te renmen m an premye." Leve men nou bay Bondye epi chante l ak tout kè nou!

Nou vle rankontre nou isi a nan maten, a nevè edmi, menm bildin as a, pou sijè *Maryaj Ak Divòs* la. Trè byen.

Ann chante l kounye a ansanm.

Mwen renmen Li,

Kite gran oditwa sa a chante sa kounye a! Deyò nèt sou kab yo, chante l, tou.

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

134 Ki kote sa te fèt? Sou bwa Kalvè a. Pandan nou chante l ankò, m vle nou bay lanmen ak yon moun bò kote nou, di: "Bondye beni w, pèlren."

Mwen...(...?...)

Paske Li an premye...

E te achte sali mwen

Sou...

135 O, èske nou pa renmen Li? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Èske Li pa mèveye? ["Amèn."] Èske Li se Plas pou nou Kache a? ["Amèn."] Li se yon Wòch nan yon tè bouke, yon Abri nan tan tanpèt lan, sèl Refij mwen konnen. Se poutèt sa:

Lafwa m gade sou Ou,

Oumenm Ayo Kalvè

Sovè Diven;

Kounye a tandé m pandan m priye,

Wete tout koupab mwen,

Kite m apati de jou sa

Pou m pou Ou an antye!

Ann leve men nou antan nou chante l.

Lafwa m gade sou Ou,

Oumenm Ayo Kalvè

O Sovè Diven;

Kounye a tandé m pandan m priye,

Wete tout koupab mwen,

O kite m apati de jou sa

Pou m pou Ou an antye!

Annou koube tèt nou kounye a pandan nou fredone li.

Pandan m mache nan labirent fènwa lavi,

Epi chagren gaye nan viwonn mwen,

Se pou W Gid mwen;

Se pou fènwa vin lajounen,

Siye tout dlo nan je chagren,

Ni pa janm kite m elwaye

Sot bò kote W.

Pandan nou gen tèt nou koube, pastè byenneme nou, Frè Orman Neville, ap voye oditwa a ale.